

FÒM KONSANTMAN ELÈV POU TÈS COVID-19 OCHWA

DWE RANPLI PA PARAN/GADYEN

Enfòmasyon Paran/Gadyen

Yo pa p enfòm w sou rezilta kontwòl sekrite woutin COVID-19 (ki te refere anvansa kòm “tès gwoup”), men yap enfòm w sou rezilta tès endividyèl pa telefòn oswa imèl.

- Si elèv ou an te teste pozitif pou COVID-19 nan dènye 90 jou ki sot pase yo, yo pa ta dwe patisipe nan tès COVID-pou evite fo pozitif.
- Nou ankouraje anpil moun ki pa vaksinen pou yo patisipe nan kontwòl sekrite woutin COVID.
- Moun ki vaksinen yo ka patisipe nan kontwòl sekrite woutin COVID.

Paran/Gadyen Ekri Non:	
# Selilè/Mobil Paran/Gadyen: <i>Remake: yap tèks rezilta yo nan # selilè sa a</i>	
Adrès Imèl: Paran/Gadyen	

Enfòmasyon Elèv/Timoun

Ekri Non Elèv/Timoun:			
Nivo Klas:			
Dat Nesans: <i>(JJ/MM/AAAA)</i>		Laj:	
Adrès:	Vil:	Kòd Postal:	
Ras (chwazi youn):	<input type="checkbox"/> Endyen Ameriken /Natif natal Alaska <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Natif natal Awayi /Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Prefere pa reponn		
Etnisite (chwazi youn):	<input type="checkbox"/> Panyòl oswa Latino <input type="checkbox"/> Pa Panyòl oswa Latino <input type="checkbox"/> Prefere pa reponn	Sèks:	<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Transjanr <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Prefere pa reponn
Konsantman pou Soti	<input type="checkbox"/> Wi , Mwen bay konsantman pou elèv mwen patisipe nan tès COVID-19 (<i>tanpri li ak siyen fòm nan anba</i>) <input type="checkbox"/> Non , Mwen pa bay konsantman m pou elèv mwen an patisipe nan tès COVID-19. (<i>Okenn lòt aksyon pa nesesè</i>)		

KONSANTMAN

Lè ou ranpli ak soumèt fòm sa a, mwen konfime ke mwen se paran apwopriye, gadyen, oswa moun ki otorize legalman pou bay konsantman ak:

- A. Mwen otorize koleksyon ak tès yon echantiyon nan men elèv mwen pou COVID-19 nan lekòl, keseswa pou yon tès endividyèl (egzanp. Antijèn endividyèl oswa tès PCR) oswa pou yon tès kontwòl sekrite woutin COVID (tès an gwoup). Lè mwen siyen fòm sa a, mwen konsanti avèk nenpòt metòd tès ki annaprè a pou elèv mwen an. Mwen konprann ke lekòl elèv mwen an ap detèmine ki metòd tès ke yo ofri elèv mwen an e li pral enfòm m sou sèvis yo lekòl la ap bay anvan kòmansman, oswa nenpòt chanjman nan, pwogram tès COVID-19 lekòl la. Wap jwenn plis detay sou kalite tès nan Anèks A.
 - i. Tès endividyèl sou moun ki gen sentòm: pou lè moun yo prezante sentòm pandan yo nan lekòl la
 - ii. Tès endividyèl sou kontak pwòch (Teste ak Rete); pou kontak pwòch ki pa gen sentòm pou yo ka teste chak jou pou omwen senk (5) jou apati premye jou ekspozisyon an, avèk moun ki teste negatif yo otorize pou rete nan lekòl la
 - iii. Tès kontwòl woutin COVID-19 (ki te refere anvansa kòm “tès gwoup”): pou tès woutin lè yo kolekte yon gwoup echantiyon ak pèfòm yon tès sou gwoup la, pou efikasite, avèk tès endividyèl kap fèt sou echantiyon menm moun lan nan laboratwa oswa sou nouvo echantiyon moun yo nan gwoup la.

- B. Mwen konprann ke tout kalite echantiyon yo pral non-envasiz, aplikatè kout nan nen oswa echantiyon krache.
- C. Mwen konprann ke yon tès kontwòl sekirite COVID-19 (ki te refere anvansa kòm tès gwoup) ka bay rezilta endividyèl, epi yo ka pa pataje avèk mwen rezilta endividyèl elèv mwen an nan yon kad kontwòl sekirite. Men, Mwen konprann epi m aksepte ke enfòmasyon sante pèsònèl elèv mwen an ak enfòmasyon idantifyab pèsònèl nan dosye edikasyon yo ka antre l nan platfòm teknoloji founisè tès la pou ede avèk retrase tès sou kontwòl sekirite ak idantifye moun yo ki bezwen tès swivi endividyèl.
- D. Mwen konprann ke yap enfòmasyon m sou rezilta nenpòt rezilta endividyèl pou tès COVID-19 ki te fèt sou elèv mwen an.
- E. Mwen konprann ke gen yon posiblite pou yon fo pozitif oswa fo negatif rezilta tès COVID-19, kèlkeswa kalite tès ki te fèt. Teni kont de posiblite pou yon fo negatif, Mwen konprann ke elèv mwen an ta dwe kontinye swiv tout gid sou sekirite COVID-19, ak swiv pwotokòl lekòl la pou izolasyon ak tès sizoka elèv la devlope sentòm COVID-19.
- F. Mwen konprann ke anplwaye kap fè tout tès COVID-19 lan te resevwa fòmasyon sou administrasyon tès ki apwopriye ak san danje. Mwen dakò ke ni administratè tès la oswa Lynn, oswa nenpòt nan afilye li yo, ofisyè, anplwaye, oswa òganizasyon kap patwone yo pa responsab pou nenpòt aksidan oswa blezi ki kapab rive nan patisipasyon w nan pwogram tès COVID-19.
- G. Mwen konprann ke elèv mwen an **dwe** rete lakay li si li pa santi l byen. Mwen rekonèt ke yon rezilta tès **endividyèl** pozitif se yon endikasyon ke elèv mwen an dwe rete lakay li pa ale lekòl, izole tèt li, epi kontinye mete yon mask oswa kouvri figi jan li endike nan yon efò pou evite enfekte lòt moun.
- H. Mwen konprann ke sistèm lekòl la pa aji kòm pwofesyonèl medikal elèv mwen an, tès sa a pa ranplase tretman pwofesyonèl medikal elèv mwen an, epi mwen asime responsablite konplè ak antyè pou pran aksyon apwopriye osijè rezilta tès elèv mwen an. Mwen dakò pou mwen chèche konsèy medikal, swen ak tretman pou pwofesyonèl medikal elèv mwen an si mwen gen kesyon oswa enkyetid, oswa si kondisyon yo agrave. Mwen responsab finansyèman pou nenpòt swen elèv mwen resevwa nan men pwofesyonèl swen sante yo.
- I. Mwen konprann ke tès COVID-19 ka kreye enfòmasyon sante pwoteje (PHI) ak lòt enfòmasyon ki pèsònèlman idantifyab sou elèv la, epi kalite enfòmasyon sa ap aksede sèlman, itilize, ak divilge annakò avèk HIPAA ak lwa aplikab yo. Konfòmman nan 45 CFR 164.524(c)(3), Mwen otorize ak dirije pwofesyonèl tès la pou transmèt kalite PHI pou lekòl elèv mwen an, Depatman Sante Piblik Massachusetts, Biwo Egzekitif Massachusetts ak Sèvis Imen, ak laboratwa tès la. Mwen konprann anplis ke yo ka divilge PHI mwen bay Biwo Egzekitif Sèvis Imen ak Sante ak nenpòt lòt pati, jan li otorize dapre HIPAA.
- J. Mwen konprann ke patisipasyon nan tès COVID-19 ka mande pou lekòl yo divilge idantite elèv mwen an, demografik, ak enfòmasyon kontak nan dosye edikasyon Depatman Sante Piblik Massachusetts. Konfòmman nan FERPA, 34 CFR 99.30, mwen otorize lekòl mwen pou divilge kalite enfòmasyon ki pèsònèlman idantifyab (PII) jan li obligatwa pou elèv mwen patisipe nan tès COVID-19.
- K. Mwen konprann ke otorize tès COVID-19 pou elèv mwen ochwa epi mwen ka refize pou bay otorizasyon sa a, nan kèk ka, elèv mwen an pa p teste.
- L. Mwen konprann ke mwen ka chanje lide m epi anile pèmasyon sa nan nenpòt kilè, men kalite anilasyon sa pwospektiv sèlman, e li pa pral afekte enfòmasyon ki te pibliye anvan. Pou anile pèmasyon sa a pou tès COVID-19, Map bezwen pou kontakte School Nurse.
- M. Mwen otorize pwofesyonèl tès la ak/oswa Depatman Sante Piblik Massachusetts pou kontwòle aspè yo nan viris COVID-19, tankou swiv mitasyon viral yo, lè yo analize echantiyon pozitif (yo) pou rezon epidemyolojik ak sante piblik. Yo pa pral idantifye pèsònèlman kalite rezilta analiz sa yo ni yo pa p kreye enfòmasyon ki pèsònèlman idantifyab.

Mwen menm, moun ki siyen nan dokiman sa te jwenn enfòmasyon sou rezon tès COVID-19, pwosedi, posib benefis ak risk yo, e mwen te resevwa yon kopi nan Konsantman Enfòmasyon sa a. Yo te ban mwen opòtinite pou m poze kesyon nan nenpòt kilè. Mwen aksepte volontèman tès COVID-19 sa pou elèv mwen an.

Siyati Paran/Gadyen:		Dat:
-----------------------------	--	-------------

ANÈKS: POSIB KALITE TÈS

Lè m siyen fòm sa a, mwen konsanti a nenpòt nan metòd tès ki annaprè yo pou elèv mwen an. Mwen konprann ke lekòl elèv mwen an pral detèmine ki kalite metòd tès yo ofri elèv mwen an e yo pral enfòme m sou sèvis lekòl la ap administre anvan kòmansman, oswa nenpòt chanjman nan, pwogram tès COVID-19 lekòl la.

Tès endividyèl:

Tès Sentomatik: (pou lè moun yo prezante sentòm pandan yo nan lekòl; elèv yo pa ta dwe ale lekòl si yo gen sentòm pandan yo nan kay la): Echantiyon prelevman nan nen yo kolekte nan lekòl la lè yap itilize yon tès dyagnostik ki apwouve.

“Teste ak Rete” (teste kontak pwòch): Yo kolekte echantiyon prelevman nan nen nan lekòl lè yo itilize yon tès dyagnostik ki apwouve. Yo fè tès la chak jou apati premye jou ekspozisyon an pou rive nan omwen senk (5) jou, avèk moun nan ki teste negatif yo otorize pou rete nan lekòl la.

Kontwòl Sekirite Woutin COVID:

Tanpri remake, kounye a nap itilize tèminoloji “kontwòl sekirite woutin COVID” pou dekri sa nou te rele “tès an gwoup.” Tès swivi yo se tès dyagnostik endividyèl ki idantifye moun ki pozitif la (yo) nan yon kontwòl sekirite sou COVID.

Kontwòl Sekirite ak Tès swivi nan Lekòl: Yo kolekte echantiyon prelevman nan nen nan lekòl epi mete yonsèl tib (maksimòm 10 echantiyon pou chak tib). Si oswa nan ka yon gwoup tès pozitif, tès swivi endividyèl avèk yon dezyèm koleksyon echantiyon nan lekòl la avèk tès PCR rapid ak/oswa endividyèl, jan sa nesèsè.

Kontwòl Sekirite ak Tès swivi ki baze nan Laboratwa: Yo kolekte krache oswa echantiyon nan nen epi yo kenbe l separe anvan li gwoupe nan laboratwa. Si yon gwoup teste pozitif, tès swivi endividyèl rive nan laboratwa a, san yon dezyèm koleksyon echantiyon.